# Iуащхьэмахуэ ихъуреягъкIэ

● ЗекIуэхэр



**Тхьэмахуэ блэкIам къриубыдэу ди республикэм щекIуэкIащ «Урысейм и щIэинхэр. Iуащхьэмахуэ ихъуреягъкIэ» хэкурыдж проектыр и лъабжьэу къызэрагъэпэща зекIуэр. Абы кърикIуахэм щыхэплъэж зэIущIэ блыщхьэ кIуам щыIащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм.**

ЗЕКIУЭХЭМ хэтахэм квадроциклкIэ къыщажыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ къедза, зэпэщу щымыт гъуэгу шынагъуэхэм, пхыдзахэм, лъагъуэ мыцIыхухэм, кIыхьхэм. Гъуэгу пхыдзахэм къыщыжыхьыным дихьэххэм я «Квадроостров» клубу Москва щылажьэмрэ Урысей географие зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ «Альтаир» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэмрэ я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща зекIуэм и мурад нэхъыщхьэр Iуащхьэмахуэ ихъуреягъкIэ щыIэ щIыуэпсыр джынырщ, абы узыщрихьэлIэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ щыгъуазэ зыхуэщIынырщ. Апхуэдэ Iуэхухэр щIалэгъуалэм даIыгъащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэм.

Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэд зыпыщIауэ щыта зекIуэ гъэщIэгъуэным ди щIалэхэм нэмыщI хэтащ Москварэ Москва областымрэ ящыщ щIалэхэу гъуэгу пхыдзахэм квадроциклкIэ къыщыжыхьыным дихьэххэр. Ахэр зрикIуэну лъагъуэр зыубзыхуар Урысей географие зэгухьэныгъэм хэт хэкурыдж цIэрыIуэ Мокаев Тенджызщ. ЗекIуэм и унафэщIу щытар «Квадроостров» клубым и пашэ Зимин Александрщ. Абы зэрыжиIамкIэ, мы илъэсым къриубыдэу апхуэдэ хэкурыдж зекIуэ зыбжанэ иджыри къыщызэрагъэпэщынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым.

- «Урысейм и щIэинхэр. Iуащхьэмахуэ ихъуреягъкIэ» проектыр цIэрыIуэ зэрыхъуам къыхэкIыу, къыкIэлъыкIуэ зекIуэхэм хэтыну гукъыдэж зыщIа куэдым хъыбар къыдагъэщIащ, - къыхигъэщащ Зиминым. - Апхуэдэу ди лэжьыгъэр хэIущIыIу зэрыхъуар ди гуапэщ. Иджы абы кърихьэлIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм я мызакъуэу, Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыналъэхэми я лIыкIуэхэр.

ЗекIуэм кърикIуахэм теухуауэ зэхуэсым щекIуэкIа псалъэмакъ псори къызэщIикъуэжащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр ЩоджэнцIыкIу Мурат. Абы щытхъу яхуищIащ ар къызэзыгъэпэщахэми жыджэру хэтахэми. Министрым фIыщIэ тхылъ яритащ а Iуэхугъуэ хьэлэмэтым и жэрдэмщIакIуэхэм. Апхуэдэуи жиIащ ди щIыналъэр джынымкIэ сэбэп хъуну зекIуэ гъэщIэгъуэным нэхъри зиубгъумэ зэригуапэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



● Зэпеуэхэр

# Иджыри зы зэхьэзэхуэ гъэщIэгъуэн

**ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм иджыри зы проектыщIэ къахэхъуащ. ЩIэныгъэщIэкъухэмрэ къэхутакIуэхэмрэ я «Жыжьаплъэ» хэгъэгупсо зэпеуэ зыфIащар хуэунэтIат зыхэпсэукI гъащIэм, къэзыухъуреихь дунейм къыщыхъур къафIэIуэхуу, абы зэраныгъэ къэзышэ къэхъугъэхэр хагъэкIыным, фIыр ягъэбэгъуэным хущIэкъуу, хэкIыпIэ къагъуэтыфу щIэблэр егъэсэным.**

ДУНЕЙР зэщIэзыщта узыфэм и ягъэкIэ, Адыгэбзэ Хасэм къызэригъэпэщу иригъэкIуэкI адрей Iуэхугъуэхэми хуэдэу, «Жыжьаплъэ» зэпеуэри пэIудзауэщ зэрекIуэкIар, интернетым и Iэмалхэр хэлъу: зэпеуэм хыхьэну щIэныгъэщIэкъу гупхэм къыхаха Iуэхугъуэм псалъэмакъ тращIыкIыу видеогъэлъэгъуэныгъэхэр ягъэхьэзырын, хабзэ пыухыкIахэм тету ахэр трахыжын хуейт.

Адыгэбзэ Хасэм япэу къыхилъхьа мы проектым еджакIуэхэм я пащхьэ Iуэхугъуэ зыбжанэ кърилъхьат, нэхъ гъэщIэгъуэн къащыхъур къыхахыу абы шэщIауэ тепсэлъыхьын, я гупсысэхэр уэршэрым хэту утыку къралъхьэн хуэдэу. Мис ахэр:

1. Дызытет дунейм и къабзагъэр тхъумэн, пхъэнкIийуэ иддзыр нэхъ мащIэ тщIын папщIэ сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр щыIэ?

2. Дунейпсо тхыдэм и къэхъукъащIэхэмрэ цIыхум и гупсысэкIэм зэрызиужьамрэ яку илъ зэпыщIэныгъэр.

3. Дунейм текIуэдыкIыжа лъэпкъхэмрэ абыхэм ядэкIуэдыжа щэнхабзэхэмрэ: хьэтхэр, хъуритхэмрэ урартхэмрэ, майахэр, инкхэр, ацтекхэр, зэрыкIуэдыжрэ куэд мыщIа убыххэр...

4. IэщIагъэхэм я нэхъыбэр кIуэ пэтми бжыгъэрылъанэ (цифровизация) жыпхъэм йоувэ. Сыт абы дэ къытхуихьынур? ЗэдыщIэкIыу дунейр бжыгъэрылъанэ жыпхъэм ихьэмэ, сыт хуэдэ IэщIагъэхэр абы дэкIуэдыжыну, сыт хуэдэхэр щыIэну?

5. Сыт шхын узыншэкIэ зэджэр? ЩIым къыхэкI шхыныгъуэхэм хущхъуэ траутхэныр Iэмалыншэ? ЦIыхумрэ Iэщымрэ я узыншагъэм ар дауэ къытещрэ?

6. ЗэхэщIыкI IэрыщIыр («искусственный интеллект» жыхуаIэр) дауэ къывгурыIуэрэ? Ар ди гъащIэм къыхыхьэным сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ, дызыхуишэнур сыт?

7. Дыкъэзыхъуреихь дунейм пластикыр сыткIэ зэран хуэхъурэ? Ар ди гъащIэм тхухэхыну? СыткIэ зэтхъуэкI хъуну?

8. Бжьэм сыт и мыхьэнэ цIыху гъащIэм дежкIэ?

ЩIэныгъэщIэкъухэм я зэпеуэм къыхыхьэ гупхэм псалъэмакъыр щагъэпскIэ, фIэкIыпIэ зимыIэ хабзэ зыбжанэм иригъуэзэн хуейт:

я бзэр зэрышэрыуэным, Iэдэб псэлъэкIэ хабзэхэм зэрытетыным, псалъэжьхэмрэ псэлъафэхэмрэ уэру я псалъэмакъым зэрыхэухуэнэным;

- къыхаха Iуэхугъуэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр, ар зэраджар я псалъэмакъым щапхъэхэмкIэ, къагъэсэбэп статистикэмкIэ къызэрыщагъэлъэгъуэным;

- псалъэр къызылъысам далэр зыхуей хуэзэу къызэригъэсэбэпыным, жиIэну зыхуейр зэхэщIыкIыгъуэу, екIуу зэкIэлъыхьауэ къедаIуэхэм я пащхьэ къызэрырилъхьэным;

- гупым хэтхэр зыр адрейм гъэхуауэ зэредэIуэным.

«Жыжьаплъэ» зэпеуэм къыхыхьэну гукъыдэж зыщIа гупхэр абы мазэм щIигъукIэ елэжьащ. А пIалъэм къриубыдэу егъэджакIуэхэри еджакIуэ ныбжьыщIэхэри цIыхум я пащхьэ къралъхьэну зытраубыда Iуэхугъуэм и щэхухэр къатIэщIу, зэIумыбзу хэлъыр къыщIагъэщу, ар къызэрызэгъэпэщын хуейм ехьэлIауэ зрагъэгъуэта Iуэху еплъыкIэр лъэныкъуэ псомкIи къызэщIакъуэну иужь иту къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр ирагъэкIуэкIащ. КърахьэлIа лэжьыгъэм гупым хэтхэр хэша зэрыхъуар, ар зыхуей хуэзэным дэтхэнэми и Iыхьэ зэрыхэлъыр наIуэ къищIащ зэпеуэм къагъэхьа видео хьэзырхэм. Жыджэрагъымрэ гузэхэщIэ инымрэ зэщIиIыгъэу еджакIуэ цIыкIухэр зэралъэкIкIэ хущIэкъурт къагъэIу я Iуэху еплъыкIэр зэрызахуэр ар зылъагъунухэм я фIэщ ящIыну. ЖыпIэнуращи, псоми жаIэр уи фIэщ хъурт, акъылрэ губзыгъагъэрэ зэбэкI псалъэмакъ купщIафIэ утыку къралъхьат.

ГъэщIэгъуэнращи, я лэжьыгъэр зэпеуэм къыхэщын щхьэкIэ, Iуэхур къайхъулIэн папщIэ, зэхаша псалъэмакъым и утыку къилъхьэкIэри зэмылIэужьыгъуэт: зым и гъэлъэгъуэныгъэр джэгукIэ жыпхъэм иту къызэригъэпэщащ, етIуанэм ейр хьэщIэщ уэршэрым тету иригъэкIуэкIащ, нэгъуэщIхэм къэпсэлъэныгъэ ящIащ, щIэнIуатэм ещхьу узыгъэгъуазэ псалъэ зэпэдзыжкIэ видеор тезыхахэри мащIэтэкъым.

Япэ зэхыхьэгъуэкIэ «Жыжьаплъэ» хэгъэгупсо зэпеуэм ину зиубгъуауэ пхужымыIэнуми (псори зэгъусэу гупипщI къыхыхьащ), абы и къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьа егъэджакIуэхэр лъэщ защIэт, егъэджэныгъэм фIыщIэ щаIэу, щIэныгъэу сабийхэм бгъэдалъхьэмкIи, зэпеуэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ пашэныгъэ зэрыщызэрахьэмкIи къыхэщу. Зэпеуэм и пщIэр абыхэм лъагэу зэраIэтам пцIы хэлъкъым.

Видеотеплъэгъуэу ягъэхьэзырам хэплъэжа КъэпщытакIуэ гупыр IэнатIэ гугъу зэрыIутар жыIэн хуейщ. Псоми зэдэарэзыуэ къыхагъэщащ къэпсалъэ ныбжьыщIэхэм я адыгэбзэм узыIэпишэу, къаIуатэ псалъэм гупсысапIэ ухидзэу зэрыщытар, абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, фIым я фIыжыр къыхахыныр хуабжьу гугъуу абыхэмкIэ къызэрыщIэкIар. «Жыжьаплъэ» зэпеуэм къыхыхьахэм я лэжьыгъэр къызэралъытэну пщалъэхэм къэпщытакIуэхэр я фIэщу еувэлIащ, Iэмал зэриIэкIи абы текIакъым.

Мы гъэм Адыгэбзэ Хасэм къыхилъхьа проектыщIэм и къэпщытакIуэхэр гупитI хъурт: Хэкум щыщ гупымрэ Тыркум ит Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэм (KAFFED) къызэригъэпэща етIуанэ гупымрэ. Хэку къэпщытакIуэхэм яхэтащ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, псалъэмрэ псэлъэкIэмрэ я пIалъэ зыщIэ джэгуакIуэхэр, тхыдэ къэхутакIуэхэр. ХамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщу анэдэлъхубзэр фIыуэ зыщIэ, егъэджэныгъэ IэнатIэм Iут, хасэ Iуэхухэм жыджэру хуэлажьэ цIыху пэрытхэм етIуанэ гупыр къызэрагъэпэщащ.

ЩIэныгъэщIэкъухэм я «Жыжьаплъэ» хэгъэгупсо зэпеуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ увыпIэхэр зэрызэдагуэшар мыпхуэдэущ:

Япэ увыпIэр къихьащ Къармэхьэблэ дэт, Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ 1-нэ курыт еджапIэм щыщ щIэныгъэщIэкъу гупым. НыбжьыщIэхэр зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ Лыхь Людэщ.

ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ:

1. Бабыгуей къуажэм дэт, Лыджыдэ Хьэлым и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-м щыщ гупым. Ахэр зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Мэшыкъуэ Iэсиятрэ Куэцэ Риммэрэщ.

2. Жанхъуэтхьэблэ дэт курыт еджапIэ №2-м и ныбжьыщIэ гупым. Зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Хъурей Люсенэщ.

Ещанэ увыпIэр ялъысащ:

1. Къугъуэлъкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м щыщ къэхутакIуэ ныбжьыщIэ гупым. Ахэр зыгъэхьэзырар физикэмкIэ езыгъаджэ Тэнащ Маритэщ.

2. Тохъутэмыщей къуажэм дэт, Къуэныкъуей Назир и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1-м щыщ гупым. ЩIэныгъэщIэкъухэр зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Къуэныкъуей Раерэ биологиемкIэ езыгъаджэ Хьэгъэжей Сюзаннэрэщ.

«Жыжьаплъэ» зэпеуэр гуп зэпеуэщ. Ауэ гупыж ищIу зи псалъэмакъ къезыгъэхьа, Лафыщхьэблэ дэт, генерал-лейтенант Батыр Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм щIэс Абыкъу Уэзырмэси гулъытэншэу Адыгэбзэ Хасэм къыхуэгъэнакъым. Зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ щIалэщIэр фIыщIэ тхылъкIэ къыхагъэщащ. Уэзырмэс адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэр Къардэн ФатIимэщ.

Шэч хэлъкъым - сыт хуэдэ лэжьыгъэми и щIыб Iуэхубэ къыдэлъщ. ЩIэныгъэ псалъэмакъыр видеотеплъэгъуэу къэбгъэлъэгъуэжын щхьэкIэ, узытепсэлъыхьынум ехьэлIа щапхъэ куэд зэхуэпхьэсын, ахэр еджакIуэхэм зэрызэхащIыкIынум хуэдэу бгъэхьэзырын зэрыхуейр нахуэщ. Хьэлъэр зыхь егъэджакIуэр зытелажьэр щIэныгъэ гъуэгур бгъуэ щIын къудейм къыщынэркъым, атIэ абы гъэсэныгъэ лэжьыгъэри къызэриIэтыр, сабийхэм я зэхэщIыкIымрэ дуней лъагъукIэмрэ зэрызригъэужьыр, цIыху щIыкIэм хэлъ дахагъэ псори къызэрызэкIуэцIихыр, адыгагъэмрэ адыгэбзэмрэ зэрыхуигъэушыр пщыгъупщэ хъунукъым. Апхуэдиз лэжьыгъэр зыгъэзащIэ егъэджакIуэм и фIыщIэр инщ, къызэрыплъытэн псалъи къэгъуэтыгъуейщ.

ЩIэныгъэщIэкъухэм я «Жыжьаплъэ» зэпеуэр Тырку щIыналъэм къыщыхъуа адыгэ тхыдэтх цIэрыIуэ, узэщIакIуэ, гупсысакIуэ Выщхьэ Иззэт и фэеплъу ирагъэкIуэкIащ. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 96-рэ ирикъуа адыгэлIым и гъащIэр къызыхэкIа лъэпкъым щхьэузыхь хуищIащ, щIэблэр узэщIыным, хэкупсэу къэгъэтэджыным емышыжу телэжьащ. ХамэщI къыщыщIидза адыгэр зыхэхуахэм яхэмышыпсыхьыжыным, и къуэпсхэр зэкIуэлIэж адэжь лъахэм пыщIауэ щытыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ - абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ лъэпкъ тхыдэм теухуа къэхутэныгъэ пщIы бжыгъэхэр, итхащ адыгэхэр хэкум зэрикIам ехьэлIа тхылъ зыбжанэ, щыташ лъэпкъ гупсысэр цIыхум яхэзыпщэ газетхэмрэ журналхэмрэ я къызэгъэпэщакIуэу, редактору, тхакIуэу. Зи гъащIэри зи гуащIэри адыгэм щхьэузыхь хуэзыщIа Выщхьэ Иззэт и цIэкIэ зэпеуэр егъэкIуэкIыныр, зэпэIэщIэ хъуа зэлъэпкъэгъухэм я зэхуакум а щIыкIэм тету Iуэхур лъэмыжу дэлъхьэныр Адыгэбзэ Хасэм игъуэу къилъытащ.

Адыгэбзэ Хасэр текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ и гуапэу йохъуэхъу нэхъри ирагъэфIэкIуэну, гукъыдэж яIэну, жыджэрагъыр яфIэмыкIуэду пашэныгъэр къыщыдэхын гуращэкIэ сыт хуэдэ зэхьэзэхуэми хыхьэну.

**ШУРДЫМ Динэ.**



● Хьэлэмэтщ

# И къэпщытэныгъэхэм пищэжыфатэкъым



**Бахъэкlэ лажьэ кхъухь япэ дыдэу зыщIауэ щытар Франджы къэралыгъуэм XVIII лIэщIыгъуэм щыпсэуа маркиз, топыдзэм и офицер, инженер IэщIагъэм езырезыру зыхуезыгъэсэжа Клод Франсуа Дороте де Жоффруа д'Аббэщ.**

1783 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м абы и жэрдэмкIэ, Лион къалэм пэгъунэгъуу щежэх Соне псым траутIыпщхьат дунейм щыяпэ бахъэрызекIуэ кхъухьыр, нэхъ тэмэму къыжыпIэмэ, пироскафыр (алыджыбзэщ, «пир» - мафIэ, «скафос» - кхъухь).

Тонни 182-рэ зи хьэлъагъ кхъуафэр и пIэ изыгъэкIын хуейуэ IэщIагъэлIым къыхуигупсысар цилиндр закъуэ фIэкIа зыпкърымылъ, захуабзэу лъэгум траукъуэдия, бахъэкIэ лажьэ Iэмэпсымэ «уэндэгъурт». Зэрызэхэгъэувам и гугъу тщIымэ, пхъэкIэ зэщIэIулIа механизмэу зызыгъэкIэрахъуэм къэзыгъэзэж щIыкIэу кърихуэкI пкъыгъуэм (поршень) кхъухьым и бгъуитIымкIи щыкIэрэгъэбыдыхьа шэрхъышхуитIыр щхьэл щIыкIэу ирихужьэрти, абыхэм я хьэнцэхэмкIэ псыр щIрагъэтхъурт.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэжымкIэ, кхъуафэр псым и жапIэм пэщIагъэувэу щрахужьэм, къэрикIуэнур зыфIэгъэщIэгъуэн куэд къызэхуэсат. АрщхьэкIэ, метр 365-рэ фIэкIа зымыкIуа кхъуафэм псыIум зыкIэригъэзэгъэжын хуей хъуащ - бахъэрылажьэ Iэмэпсымэу къезыхуэкIым езы кхъухьыр, къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу, зэпкъриудынынщIати.

Ар зигу щIыхьа маркизым и къэпщытэныгъэхэм адэкIэ пищэжыфатэкъым, Iэмэпсымэ телъыджэу къигупсысар зэрыригъэфIэкIуэн мылъкурэ ахъшэрэ къэралым и унафэщIхэми хьэрычэтыщIэхэми къызэрырамытам къыхэкIыу.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**

● Бахъсэн щIыналъэм кърутыкI

## Гъэ еджэгъуэщIэм зыхуагъэхьэзыр

**Бахъсэн щIыналъэм купщIафIэу щагъэзащIэ «ЩIэныгъэм зегъэужьын» къэрал программэр.**

КЪАЛЭ мыинхэмрэ къуажэхэмрэ дэт курыт школхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ дерсхэр зыхуей хуэзэу, мардэщIэхэм тету щрагъэкIуэкIын папщIэ, ахэр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщыныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт программэм хиубыдащ Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №7-м, №8-м, №11-м я спортзалхэр.

Унэлъэгум къыщыщIэдзауэ унащхьэмкIэ иухыжу, еджапIэхэм иращIылIэ лэжьыгъэр гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ. Залхэр яузэдынущ зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ.

## Хэгъуэм щIадзэ

**Ныбэжь Сэлим зи унафэщI мэкъумэш-фермер хозяйствэр (Къубэ-Табэ) Бахъсэн щIыналъэм щынэхъыфIхэм хабжэ. Абы иджыпсту и гуащIэгъуэу щыIуахыж гектари 140-м щыхаса бжьыхьэсэ хьэпцIийр.**

ЯПЭ ХЭГЪУЭР зыубла «Полесье» комбайнитIым егугъуу иролажьэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI зэкъуэшхэу Кърымыкъуэхэ Ахьмэдрэ Замиррэ. Махуэ псом щхьэкъэIэтыпIэ ямыIэу къах хьэпцIийр автомашинэхэмкIэ хаш Тхьэгъэпс Мухьэмэдрэ ГъукIэ Хьэжмухьэмэдрэ.

- ЗэкIэлъхьэужьу къешха уэшхыр зэран къыщытхуэхъуи къэхъуащ, ауэ ди зэфIэкI псори етхьэлIэнущ гъавэр кIэрыхуншэу зэрыIутхыжыным, - жаIэ абыхэм.

ГъавэгъэкIхэр гъэ хъарзынэ къазэрехъулIам ирогуфIэ. Дыгъэри уэшхри и чэзум зыгъуэта щIым зы гектарым хуэзэу центнер 40 къытрах. УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу бжьыхьэсэ гуэдзыр Iухыжыныр яублэнущ.

**НЫР Iэуес.**

# «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - си нэкIэ»

**КъБР-м къыбгъэдэкIыу УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэт сенатор Къанокъуэ Арсен ди щIыналъэм и дахагъэр наIуэ къэзыщIыну зэпеуэщIэм псори къыхуреджэ.**

СЕНАТОРЫМ хэIущIыIу ищIащ КъБР-р илъэси 100 щрикъуну махуэшхуэм ирихьэлIэу флешмоб, интернет IэмалкIэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэщIэ зэрызэхиублэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм язщ, - зыкъыщытхуегъазэ Къанокъуэм и хъыбарегъащIэ напэкIуэцIхэм. - Ди къэралым цIыху щIагъуэ ис къыщIэкIынкъым Iуащхьэмахуэ, Шэджэм псыкъелъэхэм, Гуэл щхъуантIэхэм, Аушыджэр псыхущхъуэхэм, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм я хъыбар зэхимыхауэ. Ауэ шэч закъуи къытезмыхьэу сощIэ турист-зыплъыхьакIуэхэм яцIыху республикэм и хъугъуэфIыгъуэ цIэрыIуэхэм нэмыщI, ди щIыналъэм щыщ дэтхэнэ зыми езым и гум нэхъ лейуэ щигъафIэ щIыпIэ зэриIэм.

Сэ зыкъэсщтэжмэ, ар Шытхьэлэ и хъуреягъкIэ щылъ мэзитIращ - Мэзышхуэмрэ Мэз ЦIыкIумрэ. Ди сабиигъуэм абыхэм мэзыдэкIэ зыщыттIыжырт, псы блэжхэм бдзэжьей къыщыдубыдырт. Абыхэм къакIэлъокIуэ гуплъым ещхьу лыд Iуащхьэ щхъуантIэхэмрэ шымрэ Iэщымрэ щыдгъэхъуу щыта удзыпцIэхэмрэ. Гъатхэм ажэгъуэмэмрэ къэлэрдэгумрэ зэщIащтэу щыта а щIыпIэр нобэми жэнэт хадэм хуэдэущ си нэгу къызэрыщIэувэжыр.

Шэч къытесхьэркъым дэтхэнэ зыми апхуэдэу и псэм нэхъ пэгъунэгъу щIыпIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщиIэм. Республикэр илъэси 100 щрикъуну махуэм ирихьэлIэу сыхуейт сэри фIыуэ флъагъу щIыпIэхэм фи нэкIэ сеплъыну, ахэр зэзгъэцIыхуну. Ар ди щхьэусыгъуэу «КъБР-р - си нэкIэ» зыфIэтща флешмоб къызэдгъэпэщыну мурад тщIащ.

Сыт абы ухэтын папщIэ пщIэн хуейр?

Зы закъуэ - секунд 15-20 нэхърэ мынэхъ кIыхьу теплъэгъуэ кIэщI бгъэхьэзыру уи инстаграм напэкIуэцIым къиплъхьэну. Си дэIэпыкъуэгъухэм фи лэжьыгъэхэм гу лъатэн папщIэ, абы кIэщIэтхапхъэщ: @kanokovarsen; #кбрмоимиглазами хэщIапIэмрэ зыщIэупщIэр къызэралъыхъуэ дамыгъэмрэ.



Видео цIыкIухэр сытым теухуами хъунущ. Нэхъыщхьэр - фэ езым фи хэкум хувиIэ еплъыкIэрщ. Ар къуршуи, псыежэхыуи, гуэлуи, къэкIыгъэуи, псэущхьэуи щрет. Iэмал имыIэу щыткъым ар щIыуэпсым и хъугъуэфыгъуэу къыщIэмыкIынкIи. Зи гугъу фщIыр цIыхум и Iэдакъэ къыщIэкIа къалэ, къуажэ ухуэныгъэуи, нэгъуэщI зыгуэруи щытмэ ягъэ кIынукъым. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэу къэвгъэлъагъуэ щIыпIэм и цIэр къифIуэ.

Зэпеуэр екIуэкIынущ бадзэуэгъуэм и 13-м щегъэжьауэ 27 пщIондэ. Мы тхыгъэр къыщытехуэ бадзэуэгъуэм и 13-м щегъэжьауэ махуищ зэрыдэкIыу, фи лэжьыгъэхэр инстаграмым къызэIуиха «reels» жыхуиIэ IэмалыщIэмкIэ къитлъхьэн щIэддзэнурэ, цIыху бжыгъэшхуэм ялъагъунущ».

Зэпеуэм щытекIуауэ къалъытэнущ зи видео теплъэгъуэхэр нэхъ зыхуей хуэзауэ зыгъэхьэзырахэр, макъымрэ фэмрэ нэхъ IупщIу щыхэплъагъукIхэр.

«Ирыралъагъу ди щIыналъэ телъыджэр цIыху нэхъыбэм. Маржэ, едвгъэгъэцIыху псоми ди хэкумрэ абы щыпсэу цIыху дахэхэмрэ», - закъыхуегъазэ сенаторым зэпеуэм хэтыну иригъэблагъэхэм.

**ЧЭРИМ Мариannэ.**

# Сакъыныгъэм къыхураджэ

**Тырныауз къалэм дэт курыт школ №6-м щеджэ волонтёрныбжьыщIэхэр жыджэру хэту, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм мы махуэхэм щекIуэкIащ автомашинэ псынщIэхэм дэсхэр гъуэгу сакъыныгъэм къыхуезыджэ акцэ.**

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиIэ а Iуэхум псом хуэмыдэ гулъытэ хуэщIыпхъэщ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм. Аращ акцэм и жэрдэмщIакIуэхэр уэрамхэм къыщIыдыхьар, «Нэхъ хуэму къэвжыхь!» къыхуеджэныгъэр яIыгъыу. Инспекторхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ автомашинэ зезыхуэхэм зыхуагъэзащ гъуэгум щызекIуэ хабзэхэр къызэпамыуду, зыдэс транспортым къызэрикIухь хуабжьагъыр ягъэмащIэу лъэхъэнэр ирахьэкIыну.

«КъызэрыгуэкI хабзэхэр дэтхэнэми игъэзащIэу щытамэ, гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъунут», - псалъэхэр зэрыт тхылъымпIэхэр волонтёрхэм хуагуэшащ машинэ зезыхуэ куэдым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

**КъБР-р илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу**

# Фэеплъ гъуджэм и пащхьэнэху

**Балъкъэр Ипщэ жылэ цIыкIум щыпсэуа Кучуков Шабаз и къуэ ещанэт Магометыр, 1919 гъэм дунейм къытехьар. Шабаз и нэ къыхуикIырт щIалищми щIэныгъэ нэс яригъэгъуэтыну. Еджэрт езы щIалэхэри. Илъэс 16-м и ныбжьыр нэблэгъауэ Магомет здагъэкIуа пионер слетым къыщицIыхуауэ щытащ езым хуэдэ щIалэ цIыкIу - Кулиевхэ ящыщ Къайсын. ЩызэIущIа 1935 гъэм щегъэжьауэ псэуху зэрыутIыпщакъым а (ипэIуэкIэ) сабиитIыр, иужькIэ - балъкъэр лъэпкъым насып джэшу къыхущIэхуа лIитIыр. ЗэщIыгъуури щIэтIысхьат ахэр Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Къэрал театр еджапIэ нэхъыщхьэм (ГИТИС). 1940 гъэм Магомет балъкъэр сценэм къихьащ Лопе де Вегэ и «Овечий источник» пьесэм хэт Менгэ и ролыр игъэзащIэу. Зэуэ белджылы къэхъуат щIалэщIэр гушыIэ шэрыуэм къызэрыхуигъэщIар, ауэ... тхыдэр е гушыIэмыщIэщ, е гуиих-хэкъуауэу гушыIэкIейщ.**



ДЫГЪУАСЭ хъуаскIэ къыпихыу балъкъэр сценэр зыгъэбжьыфIа щIалэм иджы Литва щIыIэнэщIхэр зэпичырт зауэ кIагъуэр IукIэ игъэзу. Шабаз и къуэр зыхэхуа тIасхъэщIэх ротэр еужьэрэкIыу тетт а 1941-нэ напщIэуфэм къэралышхуэр зытебжьэхъуа гъуэгуанэ мыгъуэжьым...

РСФСР-м и щIыхь зиIэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Кучуков Магомет теухуауэ ятхыж е яIуэтэж гъэщIэгъуэнхэр кIэухыншэщ. Языдэтхэнэри гъащIэ дерсщ, итIани мы зи гугъу фхуэтщIынум щыгъуэзакъым псэ зыIут. ЛIыр и ныбжь хэкIуэтэху гукъэкIыжуи зэмыцырхъа а теплъэгъуэр езым и жьэкIэ къиIуэтэжат дунейм щехыжыныр къэблэгъауэ...

...Гъэмахуэ шылэм и уэлбанэ махуэт. ЯтIэпсымрэ шырыкъулъэмрэ зэдагъэIу шкIурт макъым дыщIэдэIукIыурэ дихьащ тафэщI гуэрым. Шауляй жылэр (Литва) ди сэмэгурабгъуу дыкIуатэрт. ДызыIухьэнур пIалъэншэ зауэти, тIасхъэщIэх гупыр дыкъызэрагъэпэщат дызыхуей-дызыхуэныкъуэкIэ, гъуэмылэ, уIэгъэпхэ, щIагъщIэлъ къабзэ жыпIэми. Псыдзэм диха нэпкъ гуэрым дыбгъурытурэ дыздекIуэкIым си шырыкъу лъэдакъэм жьэдэна банэ гъурцыр къызэныкъуэкъуу хуежьащ. ЗыкIэрызгъэщэтын си гугъэу сепэщэщурэ сызэтоувыIэ. Зызогъэщхъ. Си гъусэхэри макIуэ а зэрыкIуэу. Нэпкъ гуэуамкIэ къиIукI хуэдэу къысфIэщIащ, мэууэ, сабий гъы макъым ещхь «Iыхьшыхь» гуэр. Губгъуэжьым дэни къиукIт-тIэ сабий?! СокIуэтэIуэри сыдоплъэ къуэкIий лъащIэм. КъриIуэнтIыкIат си кIапцIэр: мо псыр здежэбзэх къуэ цIыкIум гурымыжу дэсщ щхьэцыгъуэ дахэ хъужауэ бзылъхугъэ цIыкIу. Хьэзабыр телъу мэгуIэ тхьэмыщкIэр - и сабийр дунейм къытехьэну къоIэ. Гъуэгу си Iуэхут иджы сэ?! Нэпкъым зыздезгъэщэтэхым къэстIэтащ си кIэзонэ къэлътмакъыр. Иджы сыщыгуфIыкIыжырт аддэ сыщыщIалэжь цIыкIум ди жьэгу мыупщIыIужым мыбы ещхьыркъабзу си нэгу щыщIэкIа теплъэгъуэ кIэщIхэр. Сэрат-тIэ а Iуэхум хуэмыIэижьыр?! Сызыхуеину хъуар сIыгъыххэт. Упсэу щащыху къабзэр, сэ жаныр, мафIэдзыр. Бзылъхугъэ цIыкIур, дауи, укIытэм ихьырти хьэ щтам хуэдэу къысIурыплъыхь щхьэкIэ, къыгурыIуауэ къыщIэкIынт сэр фIэкIа зыщыгугъын зэрыщымыIэр.

- Укъысщымышынэ, си дыгъэщыгъэ... СощIэ сэ псори. Умыгужьей закъуэ! - соубзэ тхьэмыщкIэм. Езыр-щи урысыбзэ къыгурыIуэххэу узиIэ, бзэмыIуу мэгыз, итIани ебыркъешыркъыурэ:

- Спа... Спаси...

Уэшхыпсри пщIантIэпсри зэскъуэкIыурэ согузавэ: сабийм и пщэ цIыкIум бынжэпсыр сфIыщылъадэрт... Насып щыми диIэти, узыншэу зэIэпыкIащ анэмрэ сабиймрэ. Хъыдан жэрумэу зэщIэскъузэжа цIыкIур и куэщIым ислъхьэжурэ анэм содэхащIэ:

- Шхэ иджы, си дахэ. ЛIы цIыкIури гъашхэ. Мис гъуэмылэр. Псылъэм иджыри тIэкIу къинащ. Сакъ, си псэ...

СыкъыщIопхъуэж. Бзылъхугъэ бзэмыIур гъуэгыурэ къыскIэлъоджэ:

- Спасибо...

- Нэпкъым сыкъыдэпщеижрэ сызэплъэкIмэ - сабийр егъашхэ. Аргуэру сыкъогумащIэ. ЗызоIэжьэж. СыщIопхъуэжри, кIуэрыкIуэм тету:

- Магомет фIэпщынщ!

ГуфIэнэр гъырнэIуу зэхуилъэфэсурэ дахэр къысподжэж:

- ФIызощ... ФIэсщакIэщ. Магомет!

Жэрыгъэ защIэкIэ ротэм сыздыкIэлъыжэм сщIэуэ хъуар къэзбжурэ тхьэ солъэIу: «Мы губгъуэ нэщIым къизна хъарыпитIыр уи анэ мэтщ... Къэхъумэ, ди Тхьэ!» СакIэлъосыж си гъусэхэм.

- Уздэщыlэр дэнэ? Укъалъыхъуэ. Нэхъыжьым зыкъегъэлъагъу псынщIэу.

СокIуэ.

- УздэщыIар?! - къызоплъ капитаныр.

- Товарищ капитан... я... род принимал (си урысыбзэр бэлыхьтэкъым).

Модрейми сэ жысIар ротэу зэхихагъэнщи къызжьэхолъэ:

- Дэтхэнэ ротэу пIэрэт ар? ДэнэкIэ къикIыу?! Уэ пыIэжьынэм дапщэщ лъандэрэ ротэхэр пхузэблэкIрэт? IукI адэ, зызумыгъэлъагъуу!

СыкъыIуокI...

Иджыри сигу ихуркъым а губгъуэм къыщцызгъэна цIыкIуитIыр. Ярэби, дауэрэ къела? Си урысыбзэ тIэкIур-*щэ?! Род-ми ротэми* зы щай фIыцIэжьщ а жыхуэфIэхэр. Сэ сщIэраши, Шауляй и Iэхэлъахэм щопсэу ... щыпсэун хуейщ (!) си цIэджэгъу цIыкIур.

А зауэм и кIыхьагъкIэ пхыкIащ Кучуков Магомет. Хьэлъэ дыдэу щэнейрэ уIэгъэ хъуащ. Комдив Батицкэм (Совет Союзым и ЛIыхъужь, маршал Батицкий П. В.) и адъютанту илъэсиплIкIэ зэуащ лIыр. Къелащ. Унагъуэ хъужащ. Дзэ къулыкъуми адэкIэ пищат, ауэ... Лъым и гуащIэр лъэщщи, лIым и лъэщыр зыгъэгумащIэр лъэпкъылъщ. Апхуэдэу и Къайсын къыздыщыпэплъэ Къыргъызым нихьэсащ Магомет и псэр.

Театрыр къигъанэу зауэм Iухьа лIым илъэс 17-кIэ хуэныкъуащ балъкъэр сценэр. Хуэныкъуэпами иIуэтэжащ. 1957 гъэм щегъэжьауэ, и лъэ зэрихьэху, Магомет хуэлэжьащ и лъэпкъ гъуазджэм. Зыгуэр къахуэтт ар щымыджэгу спектаклхэм. Зыми хуамыгъадэу фIыуэ ар къыщалъагъуэрт гъунэгъу республикэхэм. «Кучук къыздэфша?» - арат япэ упщIэр балъкъэр труппэр щрагъэблагъэкIэ. Ар езыри икъукIэ цIыху дахэт. КупщIафIэт. Жумартт. Гу пцIанэт. «А лIыр зэтеувыIэу дыуэ имыщIу зэи зы кхъэлъахэ блэкIакъым...» жаIэж къыдэгъуэгурыкIуахэм.

Къэралышхуэми, къызыхэкIа лъэпкъми я цIэ лъапIэхэр хуэфащэу зезыхьа, зи Iэрытхыр рейхстаг блынджабэм къытена цIыху хьэлэмэт Кучуков Магомет Шауляй деж зэгуэр къыщыхъуар зриIуэтылIэжар и нысэ Татьянэщ, тхьэмадэм и лъэрымыхьыгъуэм гумащIэу зезыхьэжа бзылъхугъэрщ. Гъуджэрщ а хъыбарыр ди деж къэзыхьэсар. «Хэт и гъуджэ мыбы иджы къыхиIуар?» жыхуэфIэнщ. НтIэ... гъуджэ къызэрыгуэкI. БгъуфIэрэ лъагэу пасэрей гъуджэшхуэ. «Сын таш», «Судьба Солтана», «Абрэдж», «Гъуэгуанэ хьэлъэ», «Уэсят», нэгъуэщI спектакль куэдым, апхуэдэу совет кинематографым фIыуэ хэзэгъа актёр телъыджэр зэрыплъэу щыта гъуджэ. Илъэс зы-тIу ипэкIэ ар Кучук и нысэм унэбжэмкIэ къигъэкIуатэри телъэщIыхьурэ: «ЩIэсхыпэни сигу пымыкI. Зесхьэнущи, здэщытым емызэгъыж. Мыбы иплъэурэ игъэхьэзырырт дадэ и роль хьэлэмэтхэр. Езым ещхьу угъурлы гуэрт мыри...»

СимыIуэхуххэрэ пэт къэзгубзыгъыжащ нэщэнэжьыр: гъуджэ хыфIадзэркъым... Апхуэдэу Магомет и гъуджэшхуэр дэуващ ди дэкIуеипIэ жьантIэм. Мэууэ нэхутхьэхуу, нэджащIэ къабзэу пэзанщIэщ иджы ар и гъэфIэныр зэгуэр къыздыщIэкIыу щыта бжэм.

Зи лъэужьыр сыт и лъэныкъуэкIи дахэу щыт а лIым лIэужь хъуапсэгъуи къыщIэнащ: Аслъэн (Магомет и къуэ закъуэр) теплъэкIи щэнкIи къепсри къилъэтауэ и адэщ, кIуэ фIыуэ нэхъ щхьэпэлъагэщ жумыIэмэ. Мыдрейуэ, *цIэджэгъухэмкIэ* дгъэзэжынщи, пионер слётым щызэрыцIыхуа щIалэ цIыкIуитIыр, дауи ирехъуи, зэрыутIыпщыркъым... Магомет и къуэрылъху закъуэр дунейм къыщытехьам Кулиев Къайсын Кучук здэщыпсэу уэрамым (Налшык) теувауэ джэрт жаIэж: «ЦIыхуфIхэ, мы унэм фыщыблэкIкIэ фыхъуахъуэ, маржэ! Мыбы дяпэкIэ щыпсэунущ Къайсын... Кучуков Къайсын!» ЗэрипхыфатэкЪэ усакIуэ щэджащэм! Иджы зэи зэфIэкIуэдынкъым зэныбжьэгъуфIхэм я цIэ-унэцIэр.

Мыри гъэщIэгъуэнщ: усакIуэшхуэр апхуэдэу здэщыпсэлъа унэ къуапэ дыдэм и блыным иджы кIэрылъщ Кучуков Магомет (Шабаз и къуэм) и сурэт. Уэрам зэхэкIыпIэр зи пащIащхьэ хъуа лIы гуфIэнэгур жэщмахуэ имыIэу пыдыхьэшхыкIыурэ зэпхыроплъ гъащIэ зи фIэщыгъэ водевиль тIасхъэм.

**КЪАРМЭ Iэсият.**

# Фи псалъэм пщIэшхуэ иIэу фыпсэуащ

*Дзасэжьхэ Мухьэмэдрэ Iэсятрэ я фэеплъу*

**1.**

**Алыхь IэщIагъэр хъунукъым бгъэщIагъуэ -**
**Хэт сыт и натIэм илъми зыщIэр арщ,**
**Дэ ди къуэшыфIым, нысэм гур фкIэлъогъыр,**
**Къыщыхъум гъащIэм хуитыр Тхьэшхуэращ.**

**Ди Мухьэмэд, ди шынэхъыжь, уи гъащIэр**
**Илъэсу 74-м къыщыувыIащ.**
**Къытщыхъуми анэкъилъхухэм гъащIэр мащIэу,**
**Куэд дыдэ, си къуэшыфI, пхузэфIэкIащ.**

**Зэрыбыниблым уэ удинэхъыжьти,**
**Ди адэ-анэм я щIэгъэкъуэн ухъуащ.**
**Сыт хуэдэ IуэхукIи уэ укъытщхьэщыжти,**
**Дэ сытым дежи щапхъэу удиIащ.**

**IэнатIэ дапщэ уэ уIумытами,**
**Лэжьыгъэр пэжу, екIуу къепхьэлIащ.**
**Уигу-уи псэр уи лэжьыгъэм уэ етауэ**
**Къуажэгъухэм я псалъэфIи къэблэжьащ.**

**Iэсят унагъуэм нысэу къытхэпшати,**
**Дэтхэнэми ар шыпхъу нэхъыжь тхуэхъуащ.**
**Дыгъэм ещхьу бынищ зэдэвгъуэтати,**
**Фэ ахэри зыхуей хуэвгъэзэфащ.**

**Фыздэпсэуащ фэ тIур фи гъащIэр дахэу,**
**Iэпыхур зым адрейм къищтэжу фхьащ.**
**Гугъуехь фыхуэзэм, зым адрейм щхьэщыфхыу,**
**ГуфIэгъуэри зэгъусэу здэфIэтащ.**

**2.**

**Фи бынхэр евгъэджащ, фщIыжащ унагъуэ,**
**ПщIэ яIэу я лэжьыгъэр нобэ яхь.**
**А псори, Мухьэмэд, фэращ зи фIыгъэр -**
**Iэсяти уэри ар фэеплъ фхурехъу!**

**Зы унагъуэфI фи къуажэм фэ дэсамэ,**
**Абыхэм фи унагъуэри ящыщт.**
**Уз бзаджэр фи лъэужьым къимыхьамэ,**
**Иджыри куэдым фэ фыхунэсынт.**

**Уэрат ди жьантIэр дэ тхуэзыгъэдахэр,**
**Ди гъуэгур тхуэбгъэнэхуу ди япэ уитт.**
**Ныбжьэгъу уиIами я дзыхь бгъэпэжахэщ -**
**Фызэхуэгуапэу фэ фызэбгъэдэтт.**

**Иджы, уэ уи тIысыпIэр нэщI къэхъуащи,**
**Зэгъусэ дыхъужамэ, укъытхуэтщ,**
**Iэсяти Iейуэ дэ дыхуэныкъуащи,**
**Абы жиIауэ куэд дэ ди гум илъщ.**

**Сыт хуэдэ Iуэху ди лъэпкъым щекIуэкIами -**
**ГуфIэгъуэ, гузэвэгъуэ ирырехъу -**
**Фычэнджэщэгъут Iэсяти Мухьэмэди,**
**Алыхьым фи ахърэтыр нэху игъэхъу!**

**Фи деж къуажэгъухэр чэнджэщакIуэ къакIуэу,**
**Фи псалъэм пщIэшхуэ иIэу фыпсэуащ.**
**Фи щапхъэм нэхъ щIалэIуэхэр щIэджыкIыу**
**ПщIэ фиIэу Светловодск фэ фыдэсащ.**

**Илъэсу плIыщIрэ блы фыздэпсэуати,**
**Зы чысэм фи псэр илъу фыщытащ.**



**Ди Алыхьышхуэм фишэжын хуей хъуати,**
**Зэгъусэу, Мухьэмэд, Iэсят, фишащ.**

**3.**

**Къуажэ гъуэгушхуэм хэкIрэ кхъэмкIэ дыхьэу,**
**ЦIыхухэр тыншыну, гъуэгу яхуебгъэщIат.**
**Алыхьым ищIэрт, си къуэш, къыппэщылъыр,**
**Псом япэ уэрщ а гъуэгумкIэ яхьар.**

**МинитIрэ тIощIрэ зы гъэт, январь мазэт,**
**И 21-м ди Мухьэмэдыр утхэкIащ.**
**Махуэ еханэм, 27-нэ махуэм,**
**Ди Iэсяти гуауэу тIэщIэкIащ.**

**Апхуэдэу дунеишхуэм фытетащ фэ -**
**Зым ищIэр фIэфIу адрейм диIэтынт.**
**Дэнэ фымыкIуэми тIури фызэгъусэу –**
**Апхуэдэу хъуащ дунейри фыбгынэн.**

**Алыхьым жиIэ псэхэр зы хъужахэу**
**Фи мащэр нэхуу, хуиту къыщIигъэкI!**
**Гуэныхь фиIами, узкIэ фщхьэщихахэу,**
**ПсэкIэ фыкъэмыхъуэпсэну дыфхуолъэIу!**

**4.**

**Дэ ди гум сытым деж фэ филъынущ -**
**Фэ лъэужь дахэ дэ къытхуэвгъэнащ.**
**Фи фэеплъым дэ дыхуэпэжынущ,**
**Алыхьым жиIэ нэхъыфI къыфхуищIау!**

**Мурад фиIахэу фыздынэмысахэм**
**Дунейм дэ дытетыху дыхущIэкъунщ.**
**Адэ-анэншэу фэ фи бын къэнахэм**
**ТлъэкIыхукIэ ади ани дахуэхъунщ!**

*Дзасэжьхэ Мухьэмэдрэ Iэсятрэ я Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ къабгъэдэкIыу.*
*30.06.2021 гъэ*

# Джылахъстэнейр ирогушхуэ



**Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Урожайнэ къуажэм 1939 гъэм фокIадэм и 10-м къыщалъхуащ парт лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и етIуанэ, ещанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутат Сэхъу Владимир Къазболэт и къуэр.**

1963 ГЪЭМ Сэхъум инженер-ухуакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. 1980 гъэм Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ КПСС-м и ЦК-м и деж щыIэ академиер къиухащ. 1963 гъэм «Къэббалъкъпромстрой» Iуэхущ IапIэм и прорабт. «Къэббалъкъпромстрой» гъущI, бетон заводым и инженеруи инженер нэхъыжьуи щылэжьащ. 1969-1975 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ, УхуэныгъэхэмкIэ КъБР-м и Министрхэм я Советым и IуэхущIапIэм и инженер нэхъыщхьэ IэнатIэхэм пэрытащ. 1980-1981 гъэхэм КПСС-м и Налшык къалэ комитетым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и инструкторт. 1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэхэмрэ архитектурэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI ящIащ. 1982 -1986 гъэхэм ар и Iэтащхьэ щытащ Налшык къалэ Советым и гъэзэщIакIуэ комитетым. 1986 гъэм щегъэжьауэ 1988 гъэ пщIондэ КъБР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэщ, 1991-1995 гъэхэм КъБР-м и премьер-министрым и къуэдзэу мэлажьэ. 1995 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м УФ-м и Къэрал Думэм и етIуанэ зэхуэсыгъуэм, 1999 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м УФ-м и Къэрал Думэм и ещанэ зэхуэсыгъуэм и депутату хахащ. Ар хагъэхьащ Къэрал Думэм бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми я жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшым куэд ищIащ ди республикэм и экономикэм зиужьыным, абы ис лъэпкъхэр зэгурыIуэным, цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ. Абы ирогушхуэ къыщалъхуа, къыщыхъуа Джылэхъстэней щIыналъэм и цIыхухэри республикэри. Iуэху дэзыщIахэм, и ныбжьэгъухэм къыхагъэщ ар гурэ псэкIэ республикэм зэрыхуэлэжьар, и хьэл-щэнкIэ цIыху пэжу, IуэхукIэ бгъэдыхьэр къимыгъэщIэхъуу, чэнджэщэгъу къахуэхъуу къызэрыгъуэгурыкIуар. IэнатIэу зыпэрытар пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зэрырихьэкIар къалъытэу, Сэхъу Владимир «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр къыхуагъэфэщащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Пэжым тета унафэщI



**Урысей жылагъуэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щыщекIуэкIа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щытахэм ящыщ зыщ Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр. Ар Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм 1943 гъэм къыщалъхуащ. Вольт лъахъшэ аппаратурэ къыщыщIагъэкIыу Тырныауз дэт заводым лэжьэн щыщIидзащ 1960 гъэм. ИужькIэ дзэм къулыкъу щищIащ. Абы къикIыжри, вольфрамрэ молибденрэ къыщыщIах заводым щылэжьащ.**

1966 гъэм КъБКъУ-м и агрономие къудамэм щIэтIысхьэри, ар ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. «Налшык» совхозым щылажьэу, жэрдэм зыхэлъ щIалэм гу къылъатэри, КПСС-м и райкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIу ягъакIуэ. Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Къэрал агропромышленнэ комитетым и парткомым и секретару, КПСС-м и Бахъсэн райкомым и япэ секретару, Бахъсэн куейм и депутатхэм я щIыпIэ советым и Iэтащхьэу лэжьащ. 1992 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ къалэныр къыхуагъэфащэ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым депутату хахри, КъБР-м и Парламентым и япэ зэхуэсыгъуэм РеспубликэмкIэ и Советым и УнафэщIу лэжьащ. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэр егъэфIэкIуэным, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным хуэунэтIа Iуэху щхьэпэ куэд къиIэтащ.

1997 гъэм и мэлыжьыхь мазэм Нэхущ Заурбий Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутат хъуащ. УФ-м и Къэрал Думэм Федерацэмрэ щIыналъэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, абы дэщIыгъуу Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэм ехьэлIа комиссэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу щыщытам, абы лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ Урысейм и бюджет зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмыным, политикэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, Конституцэм къызэригъэувым тету цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэным ехьэлIауэ.

Нэхущ Заурбий яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я Парламентхэм я Совет къызэзыгъэпэщахэм. КъБР-м и жылагъуэ-политикэ гъащIэм ар сыт щыгъуи жыджэру хэтщ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ ирихьэкIами, ар и кIэм нэсу, жэуаплыныгъэшхуэ пылъу, цIыхухэри и щхьэри къимыгъэщIэхъужу пэрытащ.

Урысей Федерацэм парламентаризмэм зыщегъэужьыным илъэс куэдкIэ зэрыхуэлэжьам, республикэм и къэрал къулыкъущIапIэхэм щызэфIигъэкIахэм папщIэ 2000 гъэм Нэхущым «ЩIыхь» орден къратащ, 2003 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ.

Нэхущыр зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, жэуаплыныгъэ ин зыхэлъ, пэжым тет унафэщIу, цIыхуу щытащ сыт щыгъуи, иджыри абы тетщ. Ар ящыщт КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ сыт и лъэныкъуэкIи дзыхь зригъэзхэм. Мы зэманми пщIэ къыхуащIу ар хэтщ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**● Хъыбар гуапэ**

# Урысейпсо зэпеуэм щытокIуэ



**«НИКА» къэралпсо егъэджэныгъэ порталым къыхилъхьа «ФIыуэ слъагъу си къалэ» урысейпсо зэпеуэм илъэс 13 хъу ныбжьыщIэхэм хухаха «Хьэршым теухуа таурыхъхэр» лIэужьыгъуэм кърикIуахэр къапщытэжащ. Абы пашэ щыхъуа сабии 100-м ящыщ зыщ ди республикэм щыщ еджакIуэ, илъэс 12 хъу Аслъэн Салим.**

БАХЪСЭН районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и курыт еджапIэм щIэсщ зэпеуэм къыхэжаныкIа Аслъэн Алим. Зэхьэзэхуэм абы иригъэхьащ Гагарин Юрий триухуа усэр.

«ФIыуэ слъагъу си къалэ» зэхьэзэхуэр ящыщ зыщ «Россия - страна возможностей» президент платформэм и проектхэм. Ар ягъэзащIэ «Социальные лифты для каждого» федеральнэ проектым и «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу. БлэкIа илъэсхэм абы я зэфIэкI щеплъыжащ илъэс 14-м щыщIэдзауэ илъэс 35-рэ зи ныбжьхэр, я щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа я лэжьыгъэхэр щыпхагъэкIыу. Ар IэмалыфIщ уи щIыналъэм и дахагъэр къэрал псом къебгъэцIыхунымкIэ.

Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм мы гъэм ядэIэпыкъуащ «Роскосмос» IуэхущIапIэр.

Зэхьэзэхуэм ирагъэхьащ хьэршым теухуа я таурыхъхэр, сурэтхэр, мультфильмхэр.

Псори зэхэту УФ-м и щIыналъэ, хамэ къэрал 78-м къикIа лэжьыгъэу 10 622-рэ. КъызэгъэпэщакIуэхэм къабгъэдэкI саугъэтхэмкIэ текIуа ныбжьыщIэхэр ягъэлъэпIэнущ. КъищынэмыщIауэ, лэжьыгъэ нэхъыфI езыгъэхьа, илъэс 11 - 13 зи ныбжь сабийхэр ирагъэблэгъэнущ «Артек» дунейпсо сабий центрым щекIуэкIыну зэхыхьэм. Апхуэдэу лэжьыгъэ нэхъыфIхэр хагъэхьэнущ бжьыхьэм дунейм къытехьэну «100 сказок о космосе» къыдэкIыгъуэм, «НИКА» егъэджэныгъэ порталым и оценика.рф Iыхьэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**






# ЗыгъэпсэхупIэхэм зауж

**Метр мини 3,5-рэ зи лъагагъ къуршылъэ щIыпIэм щыIэ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм дэкI кIапсэ гъуэгухэм иджыри 2 щIэуэ къахэхъуэнущ.**

- ЛЫЖЭ къэжыхьыпIэхэм я бжыгъэм къыхэдгъахъуэу, ди республикэм къакIуэ туристхэм гунэс ящыхъун хуэIухуэщIэрэ инфраструктурэкIэ а щIыпIэхэр къызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Иужьрей илъэсищым курортым зэхьуэкIыныгъэшхуэхэр егъуэт. КIапсэ гъуэгу къудамэхэр нэхъыбэ хъунущ, дунейпсо мардэщIэхэм тету транспорт гъэувыпIэхэр яухуэнущ, - жиIащ «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» АО-м и генеральнэ унафэщI ТIымыжь Хьэсэн.

Зи гугъу ящI линэщIэм ди къэралым щынэхъ лъагэ станцитIыр, «Мир»-мрэ «Гара-Баши»-мрэ, зэпызыщIэ кIапсэ гъуэгум и 3-нэ дэкIуеипIэм иджыпсту телъ хьэлъэр хуэдиткIэ игъэмэщIэнущ, метр мини 3515-рэ зи лъагагъ къежэхыпIэм лыжэкIэ къэзыжыхьхэмрэ сноубордистхэмрэ тыншу икIи псынщIэу дэкIынущ.

Ухуэныгъэр щекIуэкIыну щIыпIэр ягъэхьэзыр. Iуэхур зи пщэ далъхьа пIалъэкIэ къагъэсэбэп гъуэгухэмрэ коммуникацэ хуэIухуэщIэхэмрэ яукъуэдий, Iэгъуэблагъэр зэщIагъэкъабзэ, дэфтэрхэр ягъэхьэзыр. Мы зэманым яухуэну гъуэгум километр 12 и кIыхьагъщ. 2030 гъэм ирихьэлIэу ар 47-м нагъэсыну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьыным теухуауэ зэлэжьыну проектхэм хиубыдэнущ Шэджэм, Шэрэдж аузхэри. ИджыкIэ хоплъэ «Башиль», «Шэджэм» турбазэхэм екIуалIэ автомобиль гъуэгухэр зэIузэпэщ щIыным ехьэлIа Iуэхум. Налшык и зыгъэпсэхупIэхэмрэ хьэщIэщхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауи проекти 10-м нэблагъи ягъэлъэгъуэнущ.

- Дэ къыдолъыхъуэ икIи къыдогъэблагъэ иджырей дунейпсо мардэм къезэгъ зыгъэпсэхупIэ ехьэжьахэр ухуэным зи мылъку хэзылъхьэну хуейхэр,- жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым. КъапщтэмэI, проектхэм ящыщ зым ипкъ иту Гуэл щхъуантIэ Ипщэ турист комплексыр зэIузэпэщ ящIащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● Узыншагъэ

## Узыр къэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ, егъэжьэжыгъуейщ

**Пандемием хиубыдэу мастэ зыхезыгъэлъхьахэм мазих къэс а Iуэхум къытрагъэзэжын хуей хъунущ. Абы и щхьэусыгъуэр уз зэрыцIалэм и штаммым псынщIэу зэрызихъуэжарщ. Вакцинэр сэбэп мыхъужыну аракъым абы къикIыр, атIэ нэхъ махэ зэрыхъурщ, штаммыщIэм пэмылъэщу. Псалъэм папщIэ, «дельта» зыфIаща индие штаммым зэрыпэщIэтыр «Спутник Лайт» хущхъуэращ, ар зэщ цIыхум зэрыхалъур. А гъуэгум ирикIуэр ди закъуэкъым.**

ИЗРАИЛЫМ и цIыхухэм я нэхъыбэм «Файзер»-р халъхьэри, сымаджэхэм я бжыгъэм фIыуэ кIэрыхуауэ, индие штаммыр къахыхьащ, ауэ хьэлъэу зыщIэкIар мащIэщ. Абы къикIращи, вакцинэр сэбэп мэхъу.

Мы гъэм и япэ мазитхум къриубыдэу ди цIыхухэм я процент 10-ращ мастэ зыхезыгъэлIуар. Гъатхэм дохутырхэми щIэныгъэлIхэми жаIауэ щытащ цIыхухэм я нэхъыбэр псынщIэу хущхъуэм къызэщIрамыгъэубыдэмэ, куэд сымаджэ зэрыхъунур, накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ, щэкIуэгъуэ мазэхэм узыр «хъийм зэрикIынур». Бжьыхьэ мазэр къызэрытхущIэкIынур тщIэркъым, ауэ мыдрей мазитIым щхьэкIэ жаIар нэрылъагъу щыхъуакIэ, вирусыр езыр-езыру ужьыхыным дыщыгугъыныр щхьэгъэпцIэжми къыщцынэжыркъым.

Дохутырхэм жаIэ: зэуIуу нэхъыбэм хущхъуэр зыхаIумэ, вирусым зихъуэжыну Iэмал игъуэтыжкъым, ауэ а Iуэхур хуэм-хуэмурэ екIуэкIмэ, штаммым зиужьыным дыхуэщхьэпэу аращ.

Гамалея и унэцIэр зезыхьэ НИЦЭМ-м и унафэщI Гинцбург Александр жеIэ вирусым псынщIэу зэрызихъуэжыр икIи абы узыфэ хьэлъэ къыхэзыххэмрэ илIыкIхэмрэ нэхъыбэ хъункIэ зэрышынагъуэр. Сымаджэхэм я процентитI иримыкъу ихьу щытамэ, иджы ар процента 5-10-м нэсыну еIуатэ щIэныгъэлIым. Абы дыщехъумэ «дыщысымэджакIэ къытригъэзэжынкъым» жытIэу дымыгугъэным: пыхусыхум хуэдабзэу, коронавирусми къытрегъазэ, я нэхъ Iейм ущызыхъумэнури вакцинэращ.

Сыт хуэдэ нэщэнэхэр иIэ «дельта» штаммым? Пыхусыху (ОРВИ) къоуэлIам ещхьу, уи Iэпкълъэпкъыр щIолIэ, уи щхьэр мэуз, уи пэр зэкIуэцIонэ, плъыржьэр уохъу. Шхыным и IэфI зыхыумыщIэжу, мэ къыпщIимыхьэжу ущыхъур етхуанэ-еблано махуэхэращ.

Сабийхэм «дельта» штаммыр къазэрыпкърыхьэр лъатэ-кIэтIий узущ. Ахэр ныбажэ зэрыхъум хуэдабзэу, балигъри хъуфынущ. ГущIыхьэщ жыпIэнуи, ауэ иджы нэхъыбэу сымаджэр илъэс 14-29 ныбжьым итхэращ. Ауэ адрейхэми а шынагъуэр ящхьэщыкIакъым.

● Зэманым и нэщэнэхэр

## Къыхуагъэгъуну йолъэIу

**ГъэщIэгъуэнщ Голландием зэгуэр игъэхъахэм щхьэкIэ иджырей политикхэм «къытхуэвгъэгъу» зэрыжаIэр. Зэрыщытыпхъэри арат, ауэ зы лъэпкъ гуэрым хуэгъэзауэ я нэхъыжьхэм зэрахьа лейр лIыгъэмрэ хэку лъагъуныгъэмрэ я щапхъэу къэзылъытэу къэгъуэгурыкIуэхэм къагурыIуэну къыщIэкIынукъым Амстердам зытеукIытыхьыр. АтIэ, мы къалэм и музейм и унафэщIым япэIуэкIэ дунейм къаригъэщIащ Голландием къиубыдауэ щыта щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэм къытрахыу я деж къаша хъугъуэфIыгъуэ псори ар зеяхэм зэрыратыжыр.**

ЕПЩЫКIУБЛАНЭ лIэщIыгъуэм нэхъ зызыужьауэ, щIы куэд къэзызыубыдауэ щыта Нидерландхэм Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азием, Америкэмрэ Африкэмрэ я щIыпIэхэм нэр зыфIэнэн кърaнатэкъым. ИужькIэ ахэр псори музей хьэпшып хъуащ. Ахэращ нэгъабэ лъандэрэ ирагъэжьауэ зэбгратыкIыжри, «фи псэм, фи щэнхабзэм къагъэщIа беягъыр фэращ зыхъумэжын хуейр» жаIэу.

Абдежми къыщцыувыIакъым. Амстердам и бургомистр Фемке Халсем «къытхуэвгъэгъу» жиIащ а къалэм лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, цIыху щащэу зэрыщытар. Зи гугъу ищIыр къаубыда щIыпIэхэм залымыгъэ хэлъу кърaша цIыхухэрщ.

Бургомистр цIыхубзым и псалъэр иджыри зэ щыхьэт техъуащ бзылъхугъэхэм политикэр ягъэщабэу зэрыжаIэм. Дауи, псори зэщхькъым, абыхэми къахокI цIыхухъухэм нэхърэ нэхъ гуащIэ. АтIэ, Нидерландхэм я колониеу щыта Суринам пщылIыгъэр зэрыщагъэкIуэдыжам теухуауэ (1863 гъэм) илъэс къэс ящI зэхыхьэм къыщыпсалъэу, Фемке Халсем жиIащ къехьэкI-нехьэкI хэмылъу мы Iуэхум тепсэлъыхьын зэрыхуейр, залымыгъэ зэрызэрахьар, абы фейдэрэ мылъкурэ къызэрыхахар щIэпхъумэну яужь уитыныр зэрыцIыхугъэншагъэр.

Амстердам и унафэщIым и щапхъэм ирикIуэну хьэзырщ Роттердам, Утрехт, Гаагэ къалэхэм я Iэтащхьэхэр. Абы хуэмыхьэзырыр Нидерландхэм я унафэщIхэращ. Ауэ япэщIыкIэ гу лъыдвгъатэт мы къэралым щытепщэ демократием и лъабжьэр зэрыбыдэм: къэрал музейм и унафэщIыр къоуври, нэгъуэщIхэм ейуэ зыIэщIаубыда хьэпшыпхэр яхуигуэшыжыну жеIэ; къэралым и къалащхьэм и унафэщIым «къытхуэвгъэгъум» трекъузэ, XVI-XVIII лIэщIыгъуэхэм зэрахьа лейм мэIэбэжри.

Нидерландхэм я унафэщIхэр щошынэ «къытхуэвгъэгъу» псалъэм къыкIэлъыкIуэнкIэ зэрыхъунум «фыпшынэмэ, дегупсысынщ» жаIэу. Ар абы зэрыхуэкIуэнум шэч къытумыхьэми хъунущ, апхуэдэ щапхъэ зэрыщыIэм тепщIыхьмэ. ЗэрыпшынэнуЩIыкIэри куэд мэхъу, къэралым щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ и мылъку зыхуримыкъумкIэ зыщIигъэкъуэным къыщыщIэдзауэ щIалэгъуалэм IэщIагъэ, щIэныгъэ етыным и деж щыщIэкIыжу. Нидерландхэм я унафэщIхэм «а залымыгъэр зэрыщыIар дэри тфIэфIкъым» жаIэу къекIуэкIамэ, иджы «къытхуэвгъэгъум» нэсащи, абдежи зэрыщамыухынур наIуэщ.

● Футбол



## Италиер Европэм и чемпионщ

**Амстердам, Баку, Бухарест, Будапешт, Копенгаген, Глазго, Лондон, Мюнхен, Рим, Санкт-Петербург, Севилье къалэхэм мазэкIэ щекIуэкIа Европэм футболымкIэ и чемпионатым и кIэух Iыхьэр бадзэуэгъуэм и 11-м Инджылызым и «Уэмбли» стадион цIэрыIуэм щиухащ. Абы и дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ Италием и командэ къыхэхам щыджэгухэм.**



ДУНЕЙ псор иджыри къэс зыгъэгулэз коронавирус уз зэрыцIалэм и зэранкIэ нэгъабэ ягъэIэпхъуа мы зэхьэзэхуэ иным дуней псом щафIэхьэлэмэту щыкIэлъыплъащ. Узэплъыни гъунэжт. Хэтащ абы Урысей Федерацэм и командэ къыхэхари, арщхьэкIэ зыхэхуа гупым къыхэкIыфакъым, иужь дыдэ увыпIэм къыщцынэри.

Лондон и «Уэмбли» стадион абрагъуэм щызэхэтащ кIэух зэIущIэр. Абы щызэхуэзат Инджылызымрэ Италиемрэ я командэ къыхэхахэр. Хэгъэрейхэм нэхъапэм апхуэдэ ехъулIэныгъэ зэи яIатэкъым, итальянхэр Европэм и чемпион щыхъуар 1968 гъэ жыжьэрат.

Евро-2020 зэхьэзэхуэм и финалым дэрэжэгъуэ ин къаритащ топджэгум дихьэххэм. ЗэIущIэм щIидзэри дакъикъитIи блэкIатэкъым инджылызхэр 1:0-у япэ щищам. Апхуэдэ щIэдзэкIэм хэти и лъэр щIигъэхуфынут, зэIущIэ 27-кIэ зэкIэлъхьэужьу зыми къыхимыгъэщIэфауэ мыбы къэса итальянхэм къищынэмыщIа. Джэгум хухаха зэманым абыхэм бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжыфащ икIи зэIущIэ нэужь пенальтихэмкIэ инджылызхэр 3:2-уэ хагъэщIащ.

Европэм и чемпион хъуахэр зыгъэсар Санкт-Петербург и «Зенит»-м и тренер нэхъыщхьэу щыта Манчини Робертэщ. Абы и унафэм щIэту джэгуа «ищхъэрэ къалащхьэм» и командэмрэ Урысей Федерацэм и гуп къыхэхамрэ я капитан Дзюбэ Артём зэгуэрым жиIауэ щытащ Манчини тренер мыхьэнэншэу. Хэт сытми зэманымрэ джэгупIэ губгъуэмрэ къагъэлъэгъуащ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, мы зэхьэзэхуэм къерикIуахэм хэплъэжри ди къэралым и футбол командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ къулыкъум пагъэкIащ илъэситхум нэблэгъауэ абы пэрыт Черчесов Станислав.

Дэ дигу зэрыдгъэфIэфынур зыщ – блэкIа лIэщIыгъуэм дыщыпсэуа Совет Союзым футболымкIэ и командэ къыхэхам и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр щызыIэригъэхьар Европэм и чемпионатхэращ. Аращ япэ дыдэу 1960 гъэм абы и дыщэ медалхэр къэзыхьар, къищынэмыщIауэ иджыри щэнейрэ (1964, 1972, 1988 гъэхэм) и финалым щыджэгуар.

Урысей Федерацэм и Iуэхухэр нэхъ къызэрыгуэкIщ. Зэ закъуэщ ди къэралым и командэ къыхэхам медаль гуэр къыщихьыфар. 2008 гъэм абы Европэм и чемпионатым ещанэ увыпIэр щиубыдащ. Абы лъандэрэ дэкIа илъэс пщыкIущым гур къыщIэзыубыдэн гуэр щыIакъым, щIэх дыдэ апхуэдэ къэхъунуи фIэщщIыгъуейщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

● Лэжьыгъэ

## Улахуэр зэрыщытауэ къэнэжу

**Лэжьэгъуэ сыхьэт бжыгъэм е махуэхэм кIэрыгъэхун зэрыхуейр ди къэралми щыжаIэ хъуащ иужьрей илъэс зыбжанэм. Зэ еплъыгъуэкIэ узыщыгуфIыкIынщ, ауэ я улахуэми хэщIынкIэ зэрыхъунум егъэгузавэ цIыхухэр. ГуващIэхами ди къэралри абы хуэкIуэнущ, роботхэр, лэжьыгъэр ящызыгъэпсынщIэ иджырей Iэмалхэр IэнатIэхэм куэду къагъэсэбэп зэрыхъум тепщIыхьмэ.**

ИСЛАНДИЕМ щрагъэкIуэкIа зы гъэунэхуныгъэм и гугъу фхуэсщIынут.

2015 гъэм щегъэжьауэ цIыху 2500-м тхьэмахуэм зэрылажьэ сыхьэт 40-р хуагъэмэщIащ 35 - 36-м нэсу. Къэрал, уней IуэхущIапIэ, сабий сад, сымаджэщ жыпIэми, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIаубыдат я къалэнхэм зэрыпэлъэщым еплъыну, абы щыгъуэми, я улахуэр зэрыщытауэ къэнэжу.

Дэтхэнэ IуэхущIапIэри хуитащ лэжьэгъуэ сыхьэтхэр махуэхэм зэрыхуейуэ тригуэшэну. Псалъэм папщIэ, Исландием и прокуратурэхэм блыщхьэ-махуэку махуэхэм лэжьэгъуэр сыхьэт зырызкIэ ягъэмэщIащ, мэремыр - сыхьэтиплIкIэ. Лэжьэгъуэ махуэр нэхъ зэгъэзэхуа хъун папщIэ зэхуэсхэр нэхъ мащIэу икIи псынщIэу ирагъэкIуэкIыу зрагъэсащ.

Мы гъэунэхуныгъэр къыщIрагъэжьам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр цIыхухэр зэрытхьэусыхэрт, унагъуэ Iуэху ящIэну къару къазэрыхуэмынэжыр жаIэу. ЛэжьапIэ Iут ди бзылъхугъэхэм я фэм дэкIыр дощIэххэ IэнатIэмрэ унагъуэмрэ зэдахьыным теухуауэ икIи «сыхьэтыр 6 хъуамэ сыщIэкIыжынт» жыпIэу ущысыным зым и фейдэи хэлъкъым, щIэуэ къежьэм егупсысауэ дыхуэкIуэныр кIыхьлIыхьщ армыхъумэ.

Махуэ лэжьэгъуэхэр гъэмэщIэным теухуа гъэунэхуныгъэхэр къэрал куэдым щокIуэкI. Абыхэм яхэтщ Япониери. ЗэрытщIэщи, мы къэралым и цIыхухэр лэжьакIуэшхуэщ, уеблэмэ я IуэхущIапIэхэм цIыху щхьэхуэ щаIыгъщ лэжьэгъуэ сыхьэт бжыгъэр зыухахэр щIигъэкIыжу.

 Арaщи, лэжьыгъэми зэран хуэмыхъуу унагъуэмкIи сэбэпу мы Iуэхур къыпхузэгъэпэщынущ. ЦIыхухэм щIамыдэнкIэ хъунур улахуэращи, ар арыншами мащIэщи, зэрыщыту къахуигъэнэжыну къэралым хузэфIэкIынущ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

**Апхуэдэу хужытIэжыфынут пластикым къыхэщIыкIа хьэкъущыкъур тхуэгъэкIуэдыжатэмэ, ауэ тепсэлъыхь фIэкIа, ди къэралым абы теухуа унафэ иджыри къыщащтакъым.**

КIЭРЫХУБЖЬЭРЫХУХЭР гъэкIуэда зэрыхъунум елэжь «Российский экологический оператор» компанием иджыблагъэ хьэпшып 28-рэ хитхащ пластикхэкIыу гъэкIуэдыжыпхъэхэм. Абы хеубыдэ зэ фIэкIа къамыгъэсэбэп тепщэчхэр, гуахъуэхэр, сэхэр, пакетхэр, бжьэхуц зыпылъ баш цIыкIухэр, нэгъуэщI куэди. Мыхэр адрей кIэрыхубжьэрыхухэм думыгъакIуэу къыхэбдзми, етIуанэу уелэжьыжыныр гугъущ, уеблэмэ пхузэфIэмыкIынщ. Ауэ щыхъукIи, къыхагъэбелджылыкIа хьэпшып 28-м ящыщу зы закъуэращ нэгъуэщIкIэ пхузэмыхъуэкIынур – ар кофе зэрылъ пластик капсулэращ.

2024 гъэм къыщыщIэдзауэ ди къэралым щащэ хьэпшып псори реестр щхьэхуэм хэхуэнущ. Ящэ псоми тетхауэ щытын хуейщ ар зыкIуэцIылъым уелэжьыж хъурэ-мыхъурэ. Экологие къыхэхыныгъэр зыхуэдизынур елъытауэ щытынущ хьэпшыпыр зыкIуэцIылъыр зэрыгъэкIуэдыжыгъуафIэм е ар зэрыгугъум. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иужьрейм хуэдэ зытет къэпщэхуныр нэхъ лъапIэщ, кIэрыхубжьэрыхум зэрелэжьым текIуадэр а уасэм къыхалъытауэ щытынущи. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къыхэкIыну ахъшэр кIэрыхубжьэрыхухэм зэрелэжь Iэмалхэр къэхутэным трагъэкIуэдэнущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхухэмрэ хьэпшыпыр къыщIэзыгъэкIымрэ я пщэ къыдэхуэнущ а уасэр. Арыншами, псори лъапIэщ, ахъшэр кIуэ пэтми пуд мэхъу. Абы зи гугъу тщIар къыхыхьэжмэ, цIыхухэм къащэхуфым нэхъри кIэрыхунущ. Иджыри илъэсищ иIэжщ мы унафэм къару игъуэтынми, цIыхухэм я бохъшэм дэмыIэбэу мы Iуэхум нэгъуэщI унафэ игъуэтыным дыщыгугъынщ жысIэнути, Евросоюзыр мы гъуэгуращ зрикIуари, дыдейхэми ар щапхъэ яхуэмыхъуну фIэщ щIыгъуейщ.

● ЩIыуэпс

## Хуэмыху IэщIагъэт

2019 гъэм ягъэбелджыла хабзэм мы мазэм къару игъуэтащи (илъэситI пIалъэ иратат хьэпшыпыр къыщIэзыгъэкIхэм ар зыкIуэцIылъыр гъэкIуэдыжыгъуафIэу ящIыным), пластикым къыхэщIыкIа куэдыр тхыдэм зэрыхыхьэжынум ирогуфIэ «удзыфэхэм» я партым хэтхэмрэ щIыуэпсымкIэ щIэныгъэлIхэмрэ. Ауэ, зэрыжысIащи, хьэпшып къыщIэзыгъэкIхэмрэ щэхуакIуэхэмрэ зэдагуэшын хуей хъуащ уасэм къыхэхъуар.

Щхьэж и ахъшэ тегузэвыхьу дыщысыну щIыуэпсым къытхуидэнуи къыщIэкIынукъым. Девгъэгупсысыт: илъэсым пластик тонн мелуан 12 хуэдиз хым хихьэрти, иджы абы къыхэхъуащ пандемием къыдигъэщта нэкIуIулъымрэ хьэфэ Iэлъэмрэ.

Узэригъэгужьейм къыдэкIуэу, уегъэукIытэ пластикхэкIхэм я хытIыгу хым къыщыунэхуахэм. Абыхэм яхэтщ европей къэрал цIыкIухэм я щIыналъэм хуэдизу зызыубгъуа. ЩIымрэ, псымрэ, хьэуамрэ етщIар хуабэ егъэлеякIэ, жьапщэкIэ, псыдзэкIэ епшыныж цIыхуцIэ зиIэм. Дызэрыщхьэемыгугъум, дызытес къудамэр зэрыпыдупщIым игъэгужьей экологхэм щIэхщIэхыурэ зэIущIэхэр къызэрагъэпэщ, мы Iуэхум теухуауэ къэралхэр зэкъуэувэным, зэдэлэжьэным къыхураджэу. Апхуэдэ зэхыхьэшхуэу щытащ къэрал куэдым я лIыкIуэхэр хэту гъатхэм екIуэкIа конференцыр. Абы щагъэбелджылащ щIыуэпсым и щытыкIэр зэрекIакIуэр къэзыгъэувыIэфын Iуэхугъуэ куэд. Ауэ дэри ди къуажэм, ди хьэблэм къызэрыгуэкI лэжьыгъэ щытхуэщIэнут, дызэрыхущIэмыхьэр щхьэусыгъуэ дымыщIмэ. Си фIэщ хъуркъым сабий къахэхъуамэ, унагъуэщIэ къэунэхуамэ, жыг хэзысэу щыта ди адэжьхэр нэхъ Iуэхуншауэ. Абыхэм къагурыIуэрт хьэуар къабзэнымкIэ жыгым и мыхьэнэр, мэзымрэ псыхъуэм дэт жыгхэмрэ псыр имыгъущIыкIыу зэрахъумэр, узэгугъур къызэрогугъужыр. Мы зэманым псапэ пэлъытэу пщIэ хъунут ар. Сэ си сабиигъуэр хиубыдащ псыхъуэм кIэрыхубжьэрыху дакIутэу щыщымыта зэманым. Иджы, къамылъагъу къудеймэ, сытми ар гъэтIылъыпIэ хуащIынущ. Къалъагъуми, яхуэмыгъэукIытэ щыIэщи, я гъунэгъур бий ящI нэхърэ заущэхуми нэхъ къащтэ.

Сэ къызэрезгъэжьар пластикхэкIхэм зы унафэ ягъуэтыным цIыхуцIэ зиIэр зэрекIуэлIарщ, ауэ щIыуэпсым ехьэлIа Iуэху цIыкIуфэкIу щыIэкъым: я нэхъ ныкъусаныгъэ мащIэри цIыхум япкърокIыж.



## Бжьыпэр яхуэзэрыгъэгъуэтыркъым

**«Родник»-м, «Тэрчым», «Кэнжэм» пашэныгъэр зэуэ щызэдаубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым блэкIа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ иужьу щызэхэта джэгугъуэм иужькIэ. Ар и щыхьэтщ бэнэныгъэр нэхъри къызэрызэщIэплъэм.**

ИКЪУКIЭ зэIущIэ хьэлэмэт щекIуэкIащ Псыгуэнсу къуажэм. Хэгъэрейхэм кърагъэблэгъат сыт щыгъуи ныкъуэкъуэгъу лъэщ къахуэхъу Тэрч районым и командэр. Аргуэрыжьти, зэпэщIэтыныгъэр гуащIэ хъуащ. Джылахъстэнейм къикIахэм хуабжьу гугъу зрагъэхьащ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэу зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъхэм ящыщ зы хъун папщIэ, икIи ар хъарзынэу къайхъулIащ.

«Тэрчым» пашэныгъэр иджы дегуэш «Родник»-мрэ «Кэнжэмрэ». Псынэдахэдэсхэм я стадионым бжыгъэшхуэкIэ щыхагъэщIащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм къикIахэр. Тырныауз и «Эльбрус»-ми хьэщIагъ лъэпкъ щрахакъым Кэнжэ.

ПэщIэдзэ джэгугъуэ зыхыблым зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъа «Ислъэмейр» къекIуэтэх зэпытщ. Абы и щхьэусыгъуэр иужь зэIущIиплIым щэнейрэ къызэрыщыхагъащIэрщ. Щэбэт кIуам ар хузэфIэкIащ Шэджэм къикIа «Шэрджэсми», хэгъэрейхэм я гъуэм топитху дигъэкIри.

ЛъэныкъуитIкIэ хъарзынэу щоныкъуакъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэгъабэрей чемпион «Энергетик»-р. Мы гъэм зыкъыщигъэлъагъуэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым зыхэт Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ гупми щыпашэщ, республикэ зэхьэзэхуэми нэхъ лъэрызехьэхэм щадохъу. Иужьу абы Налшык щыхигъэщIащ «Спартак-Д»-р.

Зэхьэзэхуэм къыщыкIэрыхухэм уахэплъэмэ, япэ текIуэныгъэр икIэм-икIэжым къиихьащ «Шэрэджым». Къыхуеблэгъа «Нартым» абы щхьэкъэIэтыпIэ иритакъым икIи иджыри къэс я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIа топхэм хуэдиз (6!) я закъуэ ирагъэхьащ. Арaщи, нарткъалэдэсхэм я закъуэщ зы очкои ямыIэу зэпеуэм хэтыжыр. Абыхэм я цIэ уардэм хуэфащэкъым къыщыхута иужь дыдэ увыпIэр.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ «Ислъэмейм» щыджэгу Бэлагъы Руслан. Абы и хьэрхуэрэгъухэм топ 11 яхудигъэкIащ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ Иуан Азрэт («Энергетик»), Суйдым Аслъэн («Урыху»), Глашев Алим («ЛогоВАЗ») сымэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **1:2**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **5:0**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Малка»** (Малкэ) – **0:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **3:5**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:2**, **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) – **6:1**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **7:2**.

«ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) – «Урыху» (Урыху) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

Зи чэзу джэгугъуэм дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щызэпэщIэтынущ: *бадзэуэгъуэм и 17-м* - «Эльбрус» - «Родник», «Нарт» - «Спартак-Д», «Малка» - «Ислъэмей», «Урыху» - «Энергетик», «ХьэтIохъущыкъуей» – «Кэнжэ»; *бадзэуэгъуэм и 11-м* - «Тэрч» - «Шэрэдж», «Шэрджэс» - «Псыгуэнсу», «Шэджэм-2» - «ЛогоВАЗ» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Родник»** | **8** | **6** | **2** | **0** | **40-7** | **20** |
| 2. | **«Тэрч»** | **8** | **6** | **2** | **0** | **23-9** | **20** |
| 3. | **«Кэнжэ»** | **9** | **6** | **2** | **1** | **25-13** | **20** |
| 4. | «Урыху» | 8 | 6 | 1 | 1 | 27-13 | 19 |
| 5. | «Энергетик» | 8 | 6 | 1 | 1 | 24-13 | 19 |
| 6. | «Ислъэмей» | 9 | 6 | 0 | 3 | 33-21 | 18 |
| 7. | «Шэрджэс» | 9 | 4 | 2 | 3 | 23-25 | 14 |
| 8. | «Шэджэм-2» | 9 | 4 | 2 | 3 | 17-19 | 14 |
| 9. | «ЛогоВАЗ» | 9 | 4 | 1 | 4 | 20-19 | 13 |
| 10. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 8 | 3 | 1 | 4 | 18-21 | 10 |
| 11. | «Псыгуэнсу» | 9 | 2 | 3 | 4 | 19-22 | 9 |
| 12. | «Малка» | 8 | 2 | 0 | 6 | 11-18 | 6 |
| 13. | «Спартак-Д» | 9 | 1 | 3 | 5 | 9-14 | 6 |
| 14. | «Эльбрус» | 9 | 1 | 2 | 6 | 14-32 | 5 |
| 15. | **«Шэрэдж»** | **9** | **1** | **0** | **8** | **12-38** | **3** |
| 16. | **«Нарт»** | **9** | **0** | **0** | **9** | **15-47** | **0** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI - редакторхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1777 ● Заказ №1557